

PROGRAM NO: 342**NGUSIR LALER / GUSTI YESUS KALIYAN YUDAS**

Sedhèrèk kula, pangajeng-ajeng kula ing dinten menika panjenengan tansah séhat kados ing padatanipun. Pepanggihan malih kaliyan kula, Lilis, wonten ing giyaran Cahyaning Agesang, giyaran ingkang tansah panjenengan tengga. Kados ing padatan, kula badhé miwiti adicara menika kanthi atur kaweruh utawi wawasan ngéngingi menapa kémawon ingkang migunani kanggé keséhatan panjenengan sakulawarga, ing dinten menika kula badhé atur kaweruh ngéngingi kados pundi caranipun ngusir laler. Wonten ing bagéyan kaping kalih, ibu Arin badhé dumugi manggihi panjenengan kanggé atur siraman rohani. Sugeng mirengaken saha sugeng rahayu kanggé panjenengan.

Pasinaon kanggé Gesang_Ngusir Laler

Sedhèrèk kula, mboten wonten satunggal tiyang kémawon ingkang ngajeng-ajeng tekanipun laler, karena laler minangka kéwan ingkang sanget ngganggu, malahan laler dipun anggep kéwan ingkang njijiki. Sanadyana laler ugi migunani tumrap kita, karena tekanipun laler minangka tanda bilih tetedhan menika bébas saking borak utawi formalin. Menawi kita dhateng peken saha ningali daging ayam dipun rubung laler, pramila daging ayam menika bébas saking borak utawi formalin. Kita sumerep borak saha formalin, inggih menika bahan kimia ingkang dipun ginakaken murih daging ayam ketingal seger saha awèt. Nanging borak saha formalin sanget mbebayani tumrap keséhatanipun manungsa. Nanging tetep kémawon, laler minangka kéwan alit ingkang ngrugèkaken, karena laler dipun yakini mbeta baktèri utawi bibit penyakit. Laler dipun yakini saged nyebaraken bibit penyakit, kados ta, tipes, desèntri, koléra, TBC, flu, cacingen, saha sanès-sanèsipun. Pramila saking menika, laler kedah dipun usir saking tetedhan, supados kita mboten kaserang déning penyakit-penyakit ingkang kasebaraken déning laler.

Sedhèrèk kula, ing jaman modèren menika, wonten kathah cara ingkang saged kita damel kanggé ngusir laler. Saking bahan alami utawi cara lami ngantos cara modèren ingkang ngginakaken listrik. Samangké kula badhé ngaturaken cara kados pundi ngusir laler ingkang saged kita pilih.

Cara ingkang kaping sepindhah, inggih menika kanthi cara ngresiki nggriya kita, kados ta, jogan, méja nedha, méja pawon, pirantos mangsak, lsp. Kita kedah ènet, bilih laler menika seneng dhateng sisa-sisa tetedhan utawi sisa-sisa protein. Menawi sedaya pirantos kanggé nedha menika resik, pramila laler badhé lunga piyambak. Laler ugi mboten seneng manggèn wonten ing piratos mangsak ingkang sampun resik. Kanggé ngresiki pirantos mangsak, kita saged ngginakaken peresan jeram pecel.

Campuraken peresan jeram pecel kaliyan sabun cuci piring. Jeram pecel badhé ngicalaken ambet ingkang dipun senengi déning laler.

Kanggé ngusir laler, kita ugi saged ngginakaken plastik ingkang dipun blendhukaken. Caranipun kados mekaten, isi plastik menika kaliyan toya bening setengah kémawon, lajeng cangkempun plastik menika dipun talèni. Sèlèhaken plastik mblendhuk menika ing sangandhapipun lampu. Ginanipun plastik mblendhuk ingkang isi toya menika, kanggé ngaburaken pandelengipun laler, temah laler menika kélangan arah saha bingung lajeng lunga makaten kémawon.

Cara alami sanèsipun ingkang saged kita damel ngusir laler, inggih menika ngginakaken ron-ron alami ingkang ambetipun nyegrak, dipun sèlèhaken wonten ing sakiwa-tengenipun tetedhan. Ron pandan, kemangi, mint, lavender, saha sanès-sanèsipun, saged kita ginakaken kanthi dipun sèlèhaken wonten ing cakedipun tetedhan utawi wonten ing méja nedha saha méja pawon. Kita ugi saged ngginakaken taneman pengusir kéwan alit ingkang sanget mandi, kados ta, taneman tomat, lavender, kanthong semar, saha sanès-sanèsipun. Kanthi cara nanem taneman menika wonten ing pot, lajeng kita sèlèhaken wonteng ing sakiwa-tengenipun pawon. Menawi kita nggadhah warung, kita saged nanem teneman menika wonten ing sacakedipun warung.

Lajeng kados pundi ngusir laler kanthi cara modèren? Jaman modèren menika, kita saged ngginakaken kipas angin ingkang dipun sèlèhaken wonten ing sainggilipun méja nedha utawi wonten ing cakedipun konten mlebet senhong kanggé ngusir laler ingkang badhé mlebet. Kathah tiyang ingkang ngginakaken lilin kanggé ngusir laler. Salintunipun lilin kanggé damel swasana raket/romantis, nanging ugi saged kanggé ngusir laler. Ing nalika nedha, lilin saged dipun sèlèhaken wonten ing méja nedha. Wonten ugi rakèt listrik pengusir laler. Pirantos menika saged kita tumbas ing peken utawi ing toko-toko ingkang sadéyan pirantos rumah-tangga. Rakèt listrik menika panci mboten sacara otomatis/ngaten kémawon saged ngusir laler, kita kedah ngedalaken tenaga kanggé nyepeng laler mawi rakèt menika. Laré-laré badhé remen ngginakaken rakèt menika, karena laré-laré badhé remen menawi saged kasil nyepeng laler. Salintunipun rakèt listrik, ing jaman modèren menika kita ugi saged ngginakaken lim laler. Nanging kathah tiyang utawi warung tetedhan mboten purun nganggé lim laler, karena ketingal reged saha crobo.

Kita ugi saged ngusir laler mawi bahan kimia ingkang kathah dipun sadé ing peken. Saha pilihanipun kathah. Bahan kimia menika badhé mbrasta laler kanthi ampuh, nanging awis tiyang ingkang purun ngginakaken bahan kimia menika, karena ajrih ngracuni tetedhanipun.

Nah, sedhèrèk kula, kita sarujuk menawi laler kedah kita usir, karena laler saged murugaken bibit penyakit. Samangké kita kantun milih cara ngusir laler menika, ingkang trep kaliyan kekiyatan saha

cara ingkang kita anggep aman saha gampang kanggé ngusir laler. Kathah ahli keséhatan atur pitedah, supados kita sregep ngresiki kiwa-tengen kita. Menawi kita sregep ngresiki jogan, lajeng sregep ngresiki méja, saha mboten naté kesupèn nutupi tetedhan, pramila sejatosipun kita sampun nggadhahi cara ingkang leres saha trep anggènipun ngusir laler.

Sedhèrèk kula, mugi-mugi kaweruh ngéngingi kados pundi ngusir laler menika migunani kanggé panjenengan. Sekedhap malih ibu Arin badhé atur siraman rohani kanggé panjenengan, dados tetepa sesarengan kaliyan kawula. Nanging sadèrèngipun menika, kita sesarengan badhé mirengaken satunggal lagu pepujèn menika, mugi-mugi panjenengan kalipur. Sugeng mirengaken.

Gusti Yésus kaliyan Yudas

Sedhèrèk kula, menapa ingkang wonten ing lebetipun pikiran kita, menawi mireng nami Yudas. Kanggénipun tiyang ingkang sampun mireng ngéngingi panyalibanipun Gusti Yésus, tamtu sumerep sinten ta Yudas menika. Yudas inggih menika muridipun Gusti Yésus. Piyambakipun dipun paringi tugas ngurus arta utawi ingkang dipun pitados nyepeng arta. Kita sumerep, Yudas ugi dipun sebat pengkiyanat. Piyambakipun sampun ngiyanati Gusti Yésus kanthi nyadé Gusti dhateng pangajengipun agami. Kanca-kancanipun Yudas, sesami muridipun Gusti Yésus mboten sumerep, bilih Yudas badhé ngiyanati Gusti Yésus, nanging Gusti Yésus pirsá. Kita badhé mirengaken dhetik-dhetik ing pundi Gusti Yésus paring pirsá dhateng para muridipun, bilih Yudas badhé ngulungaken Gusti Yésus dhateng pengajengipun agami Yahudi. Mangga sami kita pirengaken cariyosipun:

Sawisé ngandika mengkono, Gusti Yésus penggalihé trenyuh banget. Nuli Panjenengané ngandika blak-blakan: "Kowé padha Dakkandhani sing satemené: Panunggalanmu salah siji bakal ngulungaké Aku."

Para sekabat padha bingung, sarta padha pandeng-pandengan, merga padha ora ngerti sapa sing dikersakaké.

Sekabat sing dikasihi déning Gusti Yésus, linggih ana ing sisihé, disasmitani déning Simon Pétrus, supaya nyuwun pirsá, sapa sing dikersakaké mau.

Sekabat mau nuli nyedhaki Gusti Yésus lan nyuwun pirsá: "Sinten tiyangipun menika, Gusti?"

Pangandikané Gusti Yésus: "Aku arep nyelupaké roti ana ing mangkok; wong sing nuli Dakulungi roti mau, yakuwi wongé." Gusti Yésus nuli mundhut roti secuwil, banjur dicelupaké ana ing mangkok; sawisé kuwi roti mau banjur diulungaké marang Yudas anaké Simon Iskariot.

Bareng Yudas nampani roti mau, sanalika iku uga Iblis ngangslupi. Gusti Yésus nuli ngandika marang Yudas: "Énggal lakonana apa sing dadi sedyamu!"

Ora ana wong siji-sijia ing antarané sing padha linggih ana ing kono ngerti, apa sebabé Gusti Yésus ngandika mengkono marang Yudas.

Ana sing ngira, yèn Gusti Yésus ngutus Yudas tuku apa-apa sing dibutuhaké kanggo riaya, utawa bisa uga Gusti Yésus ndhawuhi Yudas mènèhi dhuwit marang wong-wong miskin, sebab Yudas kuwi sing tukang nyekel dhuwit.

Sawisé nampa roti mau, sanalika Yudas banjur metu. Nalika semana wayahé wis bengi. (Yohanes 13:21-30).

Sedhèrèk kula, para murid saèstu kaged ing nalika Gusti Yésus paring pirsu, bilih ing antaranipun para murid wonten satunggal murid ingkang badhé ngulungaken Gusti Yésus dhateng pengagengipun agami Yahudi. Para murid sami tangkled-pinangkledan, ing nalika salah satunggal muridipun ingkang dipun sihi lenggah wonten ing cakedipun lajeng nyuwun pirsu dhumateng Gusti Yésus: Gusti, sinten ta tiyang menika? Gusti Yésus paring wangsulan:

"Aku arep nyelupaké roti ana ing mangkok; wong sing nuli Dakulungi roti mau, yakuwi wongé."

Saha sasampunipun Gusti Yésus ngandika bab menika, Panjenenganipun mundhut roti saha dipun celupaken ing mangkok, lajeng dipun paringaken dhateng Yudas. Yudas nampi roti menika lajeng késah, sasampunipun Gusti Yésus ngandika: ***"Énggal lakonana apa sing dadi sedyamu!"***

Sanadyana sampun kanthi cetha Gusti Yésus paring pirsu, bilih inggih Yudas ingkang badhé ngulungaken Panjenenganipun, nanging para murid taksih dèrèng mangertos. Para murid nginten, bilih Gusti Yésus ngutus Yudas tumbas satunggalipun barang.

Sedhèrèk kula, saking cariyos ngéngingi Gusti Yésus kaliyan Yudas menika, kita saged mendhet satunggalipun pasinaon, bilih Gusti Yésus menika Maha Pirsu. Panjenenganipun pirsu menapa ingkang wonten ing salebeting manahipun sakben muridipun. Gusti Yésus pirsu, menawi Yudas badhé énggal ngulungaken Panjenenganipun dhateng para Pangajengipun agami Yahudi. Gusti Yésus pirsu sedaya isining manahipun Yudas, menika minangka buktinipun menawi Gusti Yésus menika inggih Gusti, karena Maha Pirsu. Gusti Yésus pirsu menawi Pétrus badhé nyélaki Panjenenganipun, Gusti Yésus pirsu menapa kémawon ingkang badhé dumados mangsa ing tembé. Mbok menawi kémawon Yudas nginten, bilih Gusti Yésus mboten pirsu rancanganipun. Mbok menawi kémawon Yudas mboten ngrumaosi, bilih Gusti Yésus pirsu isining manahipun. Prabu Dawud ngandika:

Dhuh Allah, Paduka sampun njajagi sarta pirsu menggah kawontenan kawula.

Kawula linggiha lan ngadega, Paduka nguningani, senajan saking katebihan Paduka pirsu saosiking manah kawula.

Kawula nyambut-damela utawi ngasoa Paduka pirsu, samukawis ingkang kawula tindakaken Paduka tliti.

Sebab sadèrèngipun ilat kawula kumecap, sedaya sampun Paduka uningani, dhuh Allah!

Kawula Paduka apit-apit saking wingking lan saking ngajeng, sarta kawula tansah kaungkulan déning asta Paduka.

Kawruh ingkang mekaten menika inggil sanget tumraping kawula, ngantos mboten saged kawula nalar. (Masmur 139:2-6).

Prabu Dawud ugi karsa ngandika, bilih Gusti menika Maha Pirsu, Gusti menika Pirsu pagesanganipun. Mboten wonten ingkang mboten kapirsanan déning Gusti ngéngingi manungsa titahipun.

Sedhèrèk kula, para muridipun Gusti Yésus mboten sumerep menapa ingkang dados isining manahipun Yudas. Para muridipun Gusti Yésus saha kita sedaya, inggih menika manungsa ingkang mboten sumerep menapa ta isining manahipun tiyang sanès. Kita manungsa menika, mboten sumerep menapa-menapa ingkang badhé dumados mangsa ing tembé. Kita menika manungsa ingkang mboten maha sumerep. Sanadyana wonten kathah tiyang ingkang nyebat dhirinipun peramal mangsa tembé, nanging tetep kémawon piyambakipun mboten badhé naté sumerep isining manahipun tiyang, saha mboten badhé naté sumerep menapa ingkang badhé dumados mangsa ing tembé.

Nah, menawi kita mitadosi Gusti Yésus menika panci Gusti ingkang Maha Pirsu, pramila kita mboten saged nyingidaken isinipun manah kita wonten ing ngarsanipun Gusti Yésus. Kita asring mboten ngrumaosi, bilih Gusti Yésus menika inggih Gusti ingkang Maha Pirsu. Kita asring mboten pitados kanthi saèstu, bilih Gusti Yésus menika inggih Gusti ingkang Maha Pirsu. Pramila saking menika, kita asring sanget nyingidaken kalepatan saha dosa kita. Kita asring sajak mboten nggadhahi kalepatan saha dosa. Kita kala-kala ugi mboten ngrumaosi, bilih menapa kémawon ingkang kita rancangaken ing ngajeng kita kapirsanan déning Gusti Yésus.

Sedhèrèk kula, menawi kita mboten pitados, bilih Gusti menika Maha Pirsu, pramila kita badhé terus kémawon nyingidaken dosa kita. Menawi kita mboten pitados, bilih Gusti Yésus Maha Pirsu, pramila kita kanthi tentrem ngrancangaken prekawis-prekawis ingkang jahat saha ingkang mboten dados

keparengipun Gusti. Kosok wangsulipun, menawi kita yakin saha pitados, bilih Gusti Yésus inggih Gusti ingkang Maha Pirsá, pramila kita badhé tumemen saha tinarbuka wonten ing ngarsanipun Gusti. Kita ugi mboten badhé ngrancangaken prekawis-prekawis ingkang jahat. Menawi kita yakin, bilih Gusti Yésus menika inggih Gusti ingkang Maha Pirsá, pramila kita badhé gesang tentrem saha bagya. Karana Gusti pirsá sedaya kebetahan kita, Gusti pirsá menapa ingkang paling saé kanggé gesang kita. Gusti mberkahi panjenengan. Amin.